



Fèt Manman yo

De pi mwa me parèt, tout moun se sou fèt dèmè y ap pale. Se anpil jou yo pran pou pare fèt sa yo. Se tankou se tout peyi a k ap fete manman yo. Radyo ak televizyon fè konkou pwezi. Tout magazen bèl, chaje ak kado. Tout moun ap kouri achte yon ti kado sere pou twò ta pa bare yo.

Gen kèk moun ki panse si pa gen kòb, manman p ap fete. Men se pa kado sèlman k ap fè kè yon manman kontan. Si pa gen kado, moun nan fanmi an gen dwa antann yo pou yo bay manman yon bouke flè epi resite pwezi, chante, bay ti istwa ak ti blag, fè ti bo. Nou dwe chèche tou jan pou nou ka fè manman kontan. Pa gen baryè nan fete fèt dèmè.

Li tèlman konsekan, preske tout relijyon fete li. Pafwa jèn nan legliz konn mete tèt ansanm, yo envite tout manman epi yo fè gwo fèt pou yo. Sa pèmèt manman, papa, pitit, ptitit-pitit, kouzen, kouzin, sè, etksetera montre santiman yo ansanm pou yo ka viv pi byen men nan men.

Konprann sa nou li, 3yèm ane.

- o Nan ki mwa yo fete fèt dèmè an Ayiti? (denye diman nan mwa me).
- o Ekri yon pwezi pou manman.
- o Di kisa ou ta renmen achte pou manman w e poukisa?
- o Fè ti moun yo aprann pwezi pou resite pou manman yo. Yo gendwa apran pa gwoup pou prezante nan yon asanble.

Manman
Si ou pa te la,
Ki jan mwen ta fè?
Kon mwen di:
Way,
ou parèt alè.
Pou mwen di ou
mèsi,
men sa mwen ta fè,
oke,
men yon ti bo
pou refè!

Amizman byen griye - Komite Edikasyon Karitas, Ench

Ki tradisyon ki gen an Ayiti jou jèt manman yo. Si manman w vivan ou mete yon ti flè wouj. Si manman w mouri, ou mete yon ti flè blanch. Sa ou panse sou sa ?

Men yon ti akrostich yon elèv ekri, e ou ki sa ou ta di :

Men lè
A rive
Nan lavi m pou
Moun di
Ak nou tout
Nou renmen w ak tout kè n.